

Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE CATALANT TECHNOLOGIES PRAL OUVRI YON LOKAL NAN ZÒN INOVASYON ANBA LAVIL ROCHESTER

*Konpayi Wot Teknoloji a Pral Anfème Espas NextCorps nan Blding Renove Sibley pou Divizyon Teknik la Pandan l ap Kreye Jiska 45 Nouvo Anplwa*

*Investisman an ap Konplemanste Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke antrepriz teknoloji ki baze nan Boston Catalant Technologies pral etabli yon operasyon tekniknan Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester (Rochester's Downtown Innovation Zone). Konpayi inovasyonan te pran angajman pou li kreye rive jiska 45 anplwa nan espas la pandan twa pwochen ane yo, pandan li anfème espas nan NextCorps ki twouve linan Blding renove Sibley a. Deplasman an pral sipòte kwasans ekip teknik lojisyèl konpayi a pou mennen modèl operasyon lojisyèl lejè li a. Konpayi a pral kòmanse opere nan lokal li anfème a an Fevriye 2019.

“Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester se kay kèk nan konpayi teknoloji ki genyen plis talan nan endistri a, kote l ap estimile ekonomi rejyon an pandan l ap atire nouvo biznis nan zòn nan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak konpayi tankou Catalant Technologies k ap etann operasyon yonan Finger Lakes, n ap ede kreye anplwa nouvo, ki byen peye ak kontinye ede Finger Lakes pouse pou pi Devan.”

“Adisyon nan Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester pral pote yon lòt konpayi teknoloji wo nivo nan zòn nan ak kreye nouvo anplwa”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Investisman sa a pral etann operasyon teknik Catalant Technologies epi kontinye pouse ekonomi Finger Lakes la pi devan.”

Platfòm teknoloji ak pwogram Catalant yo pèmèt konpayi a fè travay pi vit—li gen ladann 30 pousan nan Fortune 100—ofiramezi y ap fè tranzisyon nan yon modèl operasyon ajil. Platfòm Catalant lan pèmèt konpayi yo jwenn aksè ak deplwaye talan ki gen ladann anplwaye, plis pase 50,000 konsiltan endepandan, ak 1,000 magazen konpayi nan Mache Ekspè Catalant.

**Ko-Fondatè Catalant, Rob Biederman ak Pat Petitti te deklare,** “Ouvèti biwo Rochester nou an se yon gwo akonplisman pou Catalant. Nou te travèse yon pwosesis long pou nou chwazi yon vil ki genyen pi bon potansyèl pou nou konstwi yon biwo teknik klas mondyal, epi se ak anpil antouzyas nou te rive tabli patenarya ak kominote Rochester a. Kounye a priyorite nou se agrandi prezans nou nan Rochester nan nivo ki pi rapid nou kapab epi nan pi bon kapasite nou kontribye nan kilti inovasyon vil la”.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester ap kreye yon ekosistèm wot teknoloji pou konpayi avangadis, pandan l ap kreye anplwa 21yèm syèk ak kontribye nan elan ekonomik k ap ogmante nan sant vil la.”

Pou ankouraje konpayi a siksè sa a agrandi biznis li nan Rochester, Empire State Development te ofri 900,000 dola nan kad Pwogram Eksepsyon Kredi Taks la (Excelsior Tax Credit Program) an echanj angajman pou kreyasyon anplwa. Konte Monroe, Vil Rochester ak Greater Rochester Enterprise ap bay asistans tou pou pwojè a.

Desizyon pou Catalant Technologies pou etabli operasyon teknik New York li a nan Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester al ajoute sou elan k ap devlope nan zòn nan, sa ki konplete pwojè konplè “ROC the Riverway” ke Gouvènè Cuomo te [anonse](#) an Fevriye 2018. Inisyativ 50 milyon dola sa gen objektif pou revolisyone zòn ozalantou Rivyè Genesee a epi debloke potansyèl bò rivaj dlo Rochester a genyen an. Nouvo kay Catalant Technologies la, NextCorps, aktyèlman ap òganize dezyèm etap nan inisyativ inovasyon 10 milyon dola Luminare NY, ki se pi gwo pwogram akseleratè jèn konpayi pou tekonoloji optik, fotonik, ak imaj.

**Senatè Joe Robach te deklare,** “Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester a tounen yon nwayo kreyasyon anplwa ak panse avangadis. Angajman Catalant Technologies ak vil Rochester ansanm ak Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester se yon bon maryaj epi ta dwe lakoz selebrasyon. M ap tann ak enpasyans pou mwen travay ak Catalant Technologies pou grandi ak etann biznis yo epi pote plis anplwa toujou nan rejyon nou an”.

**Harry Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare,** “M ap aplodi Rob Biederman ak Pat Petitti, ansanm ak ekip Catalant Technologies pou angajman yo nan rejyon nou an. Anons konpayi an ak Gouvènè Cuomo fè jodi a montre ke zòn Rochester an gen yon mendèv ki fò, divèsifye ak kalifye, epi li nan yon pozisyon ekonomik pou kreye anpil djòb pou lavni. M ap tann ak enpasyans pou Catalant Technologies grandi ansanm ak adisyon anplwa anplis nan kanpis Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester”.

**Majistra Rochester a Lovely A. Warren te deklare,** “Adisyon Catalant Technologies nan Zòn Inovasyon Anba Lavil se yon bon nouvèl epi li demontre efò n ap fè pou devlope konesans ekonomi Rochester ap pote fwi. Mwen vle remèsye ekip Catalant lan paske yo kwè nan vil nou an epi paske yo fè investisman sa a nan kominote nou an. Mwen rete rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak Empire State Development paske yo pote kreyatè travay sa yo bay Rochester atravè ‘Finger Lakes Forward’ epi ede nou reyalize objektif nou pou kreye plis djòb, katye ki pi an sekirite ak vibran, ak pi bon opòtinite edikasyon pou sitwayen nou yo”.

**Egzekitif Konte a, Cheryl Dinolfo te di,** “Teknoloji inovan enpòtan anpil nan kreyasyon plis anplwa nan Konte Monroe. Nou fyè pou nou akeyi Catalant Technologies pandan ke y ap rejwenn lòt konpayi k ap kreye anplwa, tankou Datto, nan travay pou devlope pwochè jenerasyon teknoloji yo isit la nan kominote nou an”.

**Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te di,** “Aprè evalyasyon plizyè nwayo teknoloji nan peyi a, ekip lidèchip Catalant lan te chwazi Rochester, NY kòm kote pou ekip teknik nouvo lojisyèl li a. Kalib talan ki disponib pou sipòte sektè lojisyèl nou an k ap grandi ak depans abòdab pou fè biznis te ofri Rochester yon avantaj konpetitif sou lòt zòn metwopoliten majè”.

Pou plis enfòmasyon sou Catalant Technologies epi gade opòtinite karyè klike [la a](#).

### **Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te envesti deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola. Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)